

# Modèl Kontra Travay pou Travayè Domestik

Anplwayè ak Travayè Domestik la dwe negosye tèm akò k ap pi bon pou toulede pati yo sou baz dispozisyon eta a ak lalwa federal pran. Lè anplwayè a ranpi tout pati nan dokiman sa a, lè l bay moun ki pral travay nan kay la yon kopi nan akò sa a anvan l kòmanse travay (epi nan moman gen nenpòt chanjman ki fèt nan akò sa a); epi l ap konsève yon kopi pandan twa (3) an aprè travay la fini, anplwayè a gen obligasyon pou l bay yon dosye enfòmasyon ki konfòm ak M.G.L. c. 149, § 190(l) ak 940 C.M.R. 32.04(3).

---

Akò sa a ap fèt ant \_\_\_\_\_ (“Anplwayè a”) ak \_\_\_\_\_ (“Travayè Domestik la”) nan \_\_\_\_\_ (dat).

**1. Dat travay la kòmanse:** \_\_\_\_\_

**2. Dire travay la:**

Jiskaske youn nan pati yo mete fen nan akò

a. Pou yon dire limite:

\_\_\_\_\_ (#) Mwa(yo) Ane(yo) Lòt: \_\_\_\_\_

**3. Tit Pozisyon:** \_\_\_\_\_

**4. Non Sipèvizè a:** \_\_\_\_\_

Kontak li: \_\_\_\_\_

**5. Adrès travay la :** \_\_\_\_\_

**6. Adrès Anplwayè a:** \_\_\_\_\_

**7. Responsablite ki gen nan Travay la (koche tout kazye ki koresponn yo, si sa aplikab, dekri travay moun nan ap gen pou l fè):**

Fè Menaj \_\_\_\_\_

Netwaye kay la \_\_\_\_\_

Jere kay la \_\_\_\_\_

Pran swen timoun ak moun ki nouris

Dekri timoun nan (yo) (kantite timoun, non, laj, sèks, elatriye.):

---

---

---

Deskri obligasyon ki mache ak pran swen timoun nan (yo):

---

---

---

Pran swen granmoun, sa gen ladan l moun malad, moun ki nan peryòd gerizon yo ak moun aje

Dekri granmoun nan (yo) (kantite granmoun, nom, laj, seks, elatriye.):

---

---

Deskri obligasyon ki mache ak pran swen granmoun nan (yo):

---

---

---

Fè lesiv: \_\_\_\_\_

Fè manje: \_\_\_\_\_

Sèvis akonpayman nan kay: \_\_\_\_\_

Pran swen bèt: \_\_\_\_\_

Lòt: \_\_\_\_\_

---

---

**8. Orè Travay la: Travayè Domestik la ap travay nan jou ak lè sa yo:**

Dimanch Lè l ap Kòmanse: \_\_\_\_\_ nan maten/nan aprèmidi Lè l ap Fini: \_\_\_\_\_  
nan maten/nan aprèmidi

Lendi Lè l ap Kòmanse: \_\_\_\_\_ nan maten/nan aprèmidi Lè l ap Fini: \_\_\_\_\_  
nan maten/nan aprèmidi

Madi Lè l ap Kòmanse: \_\_\_\_\_ nan maten/nan aprèmidi Lè l ap Fini: \_\_\_\_\_  
nan maten/nan aprèmidi

Mèkredi Lè l ap Kòmanse: \_\_\_\_\_ nan maten/nan aprèmidi Lè l ap Fini: \_\_\_\_\_  
nan maten/nan aprèmidi

Jedi Lè l ap Kòmanse: \_\_\_\_\_ nan maten/nan aprèmidi Lè l ap Fini: \_\_\_\_\_  
nan maten/nan aprèmidi

Vandredi Lè l ap Kòmanse: \_\_\_\_\_ nan maten/nan aprèmidi Lè l ap Fini: \_\_\_\_\_  
nan maten/nan aprèmidi

Samdi Lè l ap Kòmanse: \_\_\_\_\_ nan maten/nan aprèmidi Lè l ap Fini: \_\_\_\_\_  
nan maten/nan aprèmidi

**9. Repo ak Poz: Travayè Domestik la ap resevwa sa yo:**

Jou konje (presize) \_\_\_\_\_

Travayè domestik ki travay 40è pa semèn gen dwa 24è repo chak semèn epi 48è repo chak mwa.

Poz pou repa ak repo pandan jounen travay la

\_\_\_\_\_minit\_\_\_\_\_ kantite pa jou      peye      pa peye  
\_\_\_\_\_minit\_\_\_\_\_ kantite pa jou      peye      pa peye

Peryòd somèy (presize)\_\_\_\_\_ peye      pa peye  
Lòt: \_\_\_\_\_

### 10. Kòb l ap touche:

a. Salè a se \$\_\_\_\_\_ pa èd tan

Y ap peye lè siplemantè yo \$\_\_\_\_\_ pa èd tan pou chak èd tan (oswa yon pati nan lè a) li travay pa semèn anplis de 40 lan.

Peman an ap fèt chak \_\_\_\_\_

Apati 1ye janvye 2023, salè minimom nan Massachusetts se \$15/èd tan. Majorite anplwayè gen dwa pou yo ba yo 1 fwa edmi salè yo konn peye yo pa èd tan an pou chak èd tan anplis yo travay aprè 40è nan semèn.

Travayè Domestik la gen dwa pou yo ba l ogmantasyon \_\_\_\_\_% chak ane.

b. Travayè Domestik la ap resevwa yon ti kòb anplis \_\_\_\_\_ pou sa yo (pa egzanp:; lòt travay, konpetans anplis nan lang, vwayaj, lè yo mete sou travay Anplwayè gen pou fè nan kay la):

\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

c. Travayè Domestik la ap resevwa avantaj anplis sa a (sa yo) (pa egzanp: transpò oswa ranbousman kòb transpò, asirans maladi oswa ranbousman kòb asirans maladi, elatriye.):

\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

### 11. Rediksyon nan Salè:

Anplwayè a ap fè rediksyon sa a sou salè Travayè Domestik la:

Rediksyon sou revni konsènan taks Eta a

Rediksyon sou revni konsènan taks Federal la pou Sekirite Sosyal/Medicare

Asirans Maladi: \$\_\_\_\_\_ pa \_\_\_\_\_(chèk, mwa, elatriye.)

Manje ak bwason: \$\_\_\_\_\_ pa \_\_\_\_\_(chèk, month, elatriye.)

\$1.50 maksimòm pou manje nan maten, \$2.25 pou manje midi, epi \$2.25 pou manje aswè. Sa dwe koresponn ak pri nòmal manje ak bwason yo bay Travayè Domestik la. Sa pa otorize sa si Anplwayè a egzije oswa si abitud moun nan kay la genyen nan manje anpeche Travayè Domestik la pran manje ak bwason li prefere.

Lojman: \$ \_\_\_\_\_ pa \_\_\_\_\_ (chèk, month, elatriye.)

\$35.00 pa semèn pou yon chanm yon (1) moun ap itilize, \$30.00 pa semèn pou yon chanm de (2) moun ap itilize, epi \$25.00 pa semèn pou yon chanm twa (3) moun oswa plis ap itilize. Sa pa otorize si Anplwayè a egzije lojman nan yon zòn presi oswa si Travayè Domestik la pa vrèman itilize lojman an.

Lòt (presize objektif la, chak ki lè y ap pran l ak montan y ap retire):

---

## **12. Règleman nan zafè Konje:**

Travayè Domestik la ap benefisye konje sa yo:

Konje maladi (presize kantite a, mwayen n ap kontwole l, motif akseptab, egzijans nan zafè preyavi, rasanble yo kit yo peye yo kit yo pa peye yo ansanm ak lòt kondisyon):

Depi 1ye jiyè 2015, Travayè Domestik yo gen dwa pou yo sanble epi pou yo pran jiska 40è konje maladi nan ane travay la. Si yon anplwayè gen plis pase 11 anplwaye, li dwe peye konje maladi. Si anplwayè a gen pi piti pase 11 anplwaye, li ka pa peye konje maladi. M.G.L. c. 149, § 148C.

---

---

---

Konje vakans (presize kantite a, mwayen n ap kontwole l, egzijans nan zafè preyavi, rasanble yo, dèle kit yo peye yo kit yo pa peye yo ansanm ak lòt kondisyon):

---

---

---

Konje matènèl oswa adopsyon yon timoun (presize dire a, egzijans nan zafè preyavi, kit gen yon peryòd pwobasyon kit pa genyen l, kit y ap peye l kit yo p ap peye l):

Travayè Domestik yo gen dwa pou yo pran jiska uit (8) semen konje san peye, avek graranti yo p ap pedi travay yo pou yon timoun ki fet oswa adopsyon yon timoun an M.G.L. c. 149, § 105D. Anplwaye yo dwe bay yon preyavi pou piti de (2) semèn anvan dat yo prale nan konje a ak entansyon y ap retounen.

---

---

---

Lòt: \_\_\_\_\_

---

---

Travayè Domestik la ap benefisye konje peye sa yo (koche tout sa ki koresponn yo):

Nouvèl An	Martin Luther King, Jr. Jou
Jounen Prezidan an	Memorial Day (Omaj ak Ansyen Milite ki mouri nan lagè)
Fèt Endepandans (4 jiyè)	Fèt Travay
Jounen Columbus	Veteran's Day (Omaj ak Ansyen Militè)
Jounen Thanksgiving	Fèt Nwèl
Lòt: _____	Lòt: _____

Travayè Domestik la ap resevwa yon prim konje \$ \_\_\_\_\_ poutèt li travay nan jou ferye sa yo:

---

---

---

### 13. Abitasyon:

Travayè Domestik la ap viv nan lojman sa yo anplwayè a ap bay:

Lakay anplwayè a (adrès ak deskripsyon kote a):

---

Lòt lokal (adrès ak deskripsyon kote a):

---

Anplwayè a mande pou Travayè Domestik la rete kote sa a.

Anplwayè a p ap antre nan espas yo chwazi pou Travayè Domestik la viv la, eksepte nan ka sa yo:

---

---

---

\*Dispozisyon sou Dwa Travayè Domestik yo ak règleman Pwokirè Jeneral la gen règ presi konsènan dwa lavi prive travayè domestik yo. Okenn dispozisyon ki nan akò sa a pa dwe an kontradiksyon ak egzijans legal yo.

Travayè Domestik la ap gen posiblite pou l gen aksè ak telefòn ak entènèt nan lokal travay la:

---

---

---

#### 14. Revokasyon oswa Sispann Travay la

Anplwayè a ap enfòmè Travayè Domestik la pou pi \_\_\_\_\_ pitisemèn alavans l ap kanpe oswa Travayè Domestik la ap resevwa \_\_\_\_\_ semèn pèman nan plas preyavi a sof si gen bon rezon pou yo kanpe.

Travayè Domestik la ap enfòmè Anplwayè a pou pi pit \_\_\_\_\_ semèn alavans lè l ap kanpe.

Ka sa yo se kèk motif pou yo sispann (lis la pa konple):

---

---

---

Si Travayè Domestik la rete nan kay Anplwayè a epi Anplwayè a kanpe travay la, Anplwayè a dwe bay yon preyavi alekri epi 30 jou lojman, nan lokal la oswa yon lòt kote, oswa yon kòb revokasyon ki ekivalans ak salè mwayen travayè domestik la pandan de (2) dènye semèn travay yo, sa konfòm ak M.G.L. c. 149, § 190(k).

Sa pa nesèsè pou yo bay okenn preyavi oswa kòb revokasyon lè anplwayè a gen prèv travayè domestik la maltrete, neglije oswa konpòte l yon fason ki danjere ak anplwayè a, manm fanmi anplwayè a oswa moun ki rete nan kay anplwayè a, sa konfòm ak atik 940 C.M.R. 32.03(19).

#### 15. Evalyasyon:

Après twa (3) mwa travay, travayè domestik yo gen dwa pou yo mande yon evalyasyon ekri. Malgre lalwa pa egzije sa, evalyasyon ekri yo ka kontribye pou garanti tout travay pwofesyonèl yo fèt yon fason satisfèzan.

Yon evalyasyon ekri sou pèfomans pwofèsyonèl ap fèt sou baz sa a:

---

---

---

**16.Prezante epi Trete Plent yo:**

Anplwayè a ak Travayè Domestik la ap itilize mwayen sa a pou yo prezante epi trete plent yo:

---

---

---

**17.Dedomajman Travayè a:**

Si Travayè Domestik la blese nan travay la, li ka benefisye dedomajman pou aksidan travay.

**18.Siyati Kontra a:**

Pati ki siyen pi ba yo egzamine kondisyon ki nan kontra sa a epi yo aksepte san fòse pou yo respekte yo.

\_\_\_\_\_ \_\_\_\_\_  
Siyati Anplwayè a Dat

\_\_\_\_\_ \_\_\_\_\_  
Non Anplwayè

\_\_\_\_\_ \_\_\_\_\_  
Siyati Travayè Domestik la Dat

\_\_\_\_\_ \_\_\_\_\_  
Non Travayè Domestik la

Siyati lòt anplwayè nan kay la (si yo anplwaye Travayè Domestik la pou l travay avèk yo)

\_\_\_\_\_ \_\_\_\_\_  
Siyati Anplwayè y ap Pataje Sèvis avèk li a Dat

\_\_\_\_\_ \_\_\_\_\_  
Non Anplwayè y ap Pataje Sèvis avèk li a

**Akize Resepsyon Ekri Kontra Travay la**

Mwen, \_\_\_\_\_, rekonèt mwen resevwa yon kopi kontra travay la nan men  
nan \_\_\_\_\_ dat \_\_\_\_\_.

\_\_\_\_\_  
Siyati Travayè Domestik la

\_\_\_\_\_  
Dat

\_\_\_\_\_  
Non Travayè Domestik la